

Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

Shiko këtë dokument në shqip | عرض هذه الوثيقة باللغة العربية | এই নথিটি বাংলা ভাষায় দেখুন
 查看本文件的简体中文版本 | 查看本文件的繁體字中文版本 | Consultez ce document en français | Gade dokiman sa a an Kreyòl ayisyen
 이 문서를 한국어로 보십시오 | Документ на русском языке | Consulte este documento en español
 Переглянути цей документ українською мовою | اس دستاویز کو اردو میں ملاحظہ کریں | Ushbu hujjatni ichida ko'ring O'zbek

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

2026 fevriye

Mizajou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou admisyon pre-k ak 3-K nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pou otòn 2026; Sondaj Lekòl NYC 2026 la, ak aktivite mwa fevriye yo: Jounen Aksyon pou Klima ak Semèn Respè pou Tout Moun.

Kontni

- [Dat admisyon enpòtan](#)
- [Sondaj 2026 Lekòl NYC](#)
- [Rapèl aktivite mwa fevriye](#)

Dat admisyon enpòtan pou otòn 2026

Sonje pou voye aplikasyon w pou 3-K ak/oswa pre-k nan MySchools.nyc pou pita **vandredi 23 fevriye 2026**! Si pitit ou a fèt an 2023, li ka ale nan 3-K otòn sa a. Si pitit ou a fèt an 2022, li ka ale nan pre-K otòn sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou edikasyon 3-K ak pre-k gratis, kòman pou wè kote yon pwogram ye, ak kòman pou aplike nan schools.nyc.gov/3K ak schools.nyc.gov/PreK, epi jwenn yon aktivite vityèl sou admisyon pou patisipe nan schools.nyc.gov/ESEvents.

Sondaj 2026 sou Lekòl Vil Nouyòk

Apati **9 fevriye 2025**, NYCPS pral òganize **Sondaj Lekòl Vil Nouyòk** li fè chak ane a. Fanmi ak elèv NYCPS ki nan 6yèm ane rive nan 12yèm ane ka bay fidbak yo dirèkteman konsènan eksperyans yo nan lekòl leta nou yo. Repons ou bay yo konfidansyèl epi yo pral ede lekòl nou yo pi byen konprann kisa elèv, edikatè ak manm kominote yo bezwen epi amelyore anviwònman aprantisaj yo, kourikoulòm, sèvis sipò, ak plis ankò.

Ranpli sondaj la, ale sou nycschoolssurvey.org oswa konekte nan kont lekòl NYC ou a ([NYCSA](#)) nan schoolsaccount.nyc kòmanse **9 fevriye**. W ap resevwa tou yon kopi sondaj la sou papye avèk eksplikasyon sou fason pou w ranpli li sou papye oswa sou entènèt. Sondaj 2026 lan ap fèmen **1ye avril 2026**. Jwenn plis enfòmasyon nan nycschoolssurvey.org.

Rapèl ak aktivite mwa fevriye

- Jounen aksyon pou pwoteje klima nan konsève “Enèji” se **4 fevriye!** Jwenn aktivite enteresan nan schools.nyc.gov/ClimateAction.
- Semèn Respè pou tout moun (Respect for All, RFA) ap fèt **9–13 fevriye 2026!** Ale sou schools.nyc.gov/RespectForAll pou lide aktivite kreyatif pou mete aksan sou yon pi bon apresyasyon youn pou lòt, kèlkeswa diferan kwayans oswa orijin nou.
- Lekòl ap fèmen **16–20 fevriye 2026** vakans mwatye ivè.